



ORANGE TOWNSHIP PUBLIC SCHOOLS
ROSA PARKS COMMUNITY SCHOOL
369 Main Street, Orange, New Jersey 07050
Tel: (973) 677-4515 Fax: (973) 675-0925
<http://orange.schoolwires.com/main/site/default.asp>

Mr. Ronald C. Lee
Superintendent of Schools

Mrs. Debra Joseph-Charles
Principal

Oliverto Agosto
Dennis Peterson
Assistant Principals



PWOGRAM
2415.04-8 /paj 1 nan 4
Tit I-Patisipasyon Paran
M

RÈGLEMAN SOU PATISIPASYON PARAN

2415.04-8- PATISIPASYON PARAN

Yon lekòl ki nan distri a ki resevwa lajan Tit I dwe mete pwogram, aktivite e fè konnen kòman yo pral ede paran yo avèk pwogram sa yo ki resevwa sipò finansye Tit I. Distri a ap rezève pa mwens ke yon pousan (1%) nan lokasyon li yo anba Soupati pou respekte kondisyon sa yo, ki genyen ladan yo ede alfabetizasyon nan fanmi ak ede paran yo gen konpetans nan fè levasyon timoun. Paran ki gen elèv ki resevwa sèvis Tit I dwe patisipe nan desizyon kap pran pou ede paran yo nan aktivite sa yo. Distri a pa oblje rezève pi piti ke yon pousan (1%) anba Soupati 2 a si yon pousan lokasyon distri a se \$5,000.00 ou byen mwens pase sa.

Rosa Parks Community School (Lekòl Rosa Parks Community School) ki te itilize lajan Tit I an dwe devlope règleman sou patisipasyon paran avèk kolaborasyon, patisipasyon paran elèv yo, ki te dakò ak paran yo pou distribye règleman yo ak kijan yo pral dekri mwayen pou yo respekte egzijans « **No Child Left Behind** » (NCLB) la kite pase nan ane 2001 an, §1119 (a) jouska (f). Paran yo dwe konnen e byen konprann lwa sa a nan yon fason ki inifòm, ki pratik, nan yon langaj ke paran yo ka konprann. Tout kominote lokal la dwe konnen lwa sa a e aranje li de tanzantan si gen chanjman ki pou fèt ni pou paran yo avèk lekòl ki nan distri a.

« Paran », pou règleman sa a, vle di yon paran e/ou byen yon gadyen legal.
Patisipasyon nan règleman an

Rosa Parks Community School ki te itilize lajan Title I ap:

1. Gen yon rankont chak ane, nan yon tan konvenab, ak tout paran ki gen elèv ki nan pwogram nan, envite yo epi ankouraje pou patisipe, pou enfòmè paran yo sou patisipasyon Rosa Parks Community School ak egzijans (kondisyon) règleman an, ak dwa paran yo genyen pou yo entegre;
2. Ofri anpil rankont ki trè fleksib, tankou rankont lè maten ou byen aswè, e kapab ofri, avèk lajan Tit I, transpòtasyon, gadri, ou byen vizitasyon lakay, si sèvis sa yo dakò avèk jan paran yo vle patisipe;
3. Toujou envite paran yo, nan yon fason ki toujou byen òganize, avèk anpil tan davans, pou yo patisipe nan planifikasyon, revizyon pwogram yo, e ki jan lwa sa a kapab pi byen ede yo toujou e ki jan pwogram yo kapab pi byen devlope toujou anba « NCLB », §11 14(b)(2);



RÈGLEMAN SOU PATISIPASYON PARAN



PWOGRAM
2415.04-8 /paj 2 nan 4
Tit I-Patisipasyon Paran

Bay paran ki gen elèv kap patisipe yo:

- a. Enfòmasyon nan tan konvenab de pwogram « NCLB », § 1118 mande yo;
 - b. Yon deskripsyon e eksplikasyon sou kourikoulòm ke yo itilize nan lekòl la, ki jan de evalyasyon akademik yo itilize pou mezire pwogrè elèv yo, e nan ki nivo ke elèv yo dwe rive; e
 - c. Si paran yo ta mande, opòtinite pou rankontre regilyèman pou fòmè sijesyon e pou patisipe, lè li konvenab, nan desizyon ki gen relasyon avèk edikasyon elèv yo, e reponn a sijesyon sa yo pi vit ke posib nan yon fason ki pratik.
4. Bay kenpòt paran kòmantè sou plan an lè lekòl la bay « Board of Education » plan an, si plan pwogram lekòl la anba §11 14(b)(2) nan « NCLB » pa satisfèzan pou paran ki gen elèv kap patisipe yo.

Responsablite Tout Moun Pou Elèv Ka Fè Pwogrè

Rosa Parks Community School resevwa lajan Tit I dwe devlope ansanm avèk paran ki gen elèv kap itilize lajan Tit I, yon kontra ant lekòl la avèk paran ki di kòmman paran yo, tout moun kap travay nan lekòl la, e elèv yo ap pataje responsablite pou elèv yo ka fè pwogrè epitou paki mwayen lekòl la ansanm avèk paran yo pral bati e devlope yon zanmitay pou ede ti moun yo rive kote Leta mande pou yo rive. Kontra a ap:

1. Dekri responsablite Rosa Parks Community School pou ofri bon kalite kourikoulòm avèk enstriksyon nan yon anviwònman ki sipòte aprantsaj efektiv ki pèmèt ke pwogram finansye Tit I an pou ka satisfè nivo akademik ke Leta vle pou timoun yo; epi kòmman chak paran pral responsab pou sipòte jan ti moun yo aprann, tankou tcheke si ti moun yo ale lekòl, si yo fini devwa yo e si yo gade twòp televizyon; ofri tèt yo pou vizite e ede nan klas ti moun yo; epi patisipe, nan yon fason ki apwopriye, nan desizyon ki relate avèk edikasyon ti moun yo e jan ti moun yo itilize tan yo lè yo pa lekòl; e
2. Pale sou enpòtans kominikasyon ant pwofesè yo avèk paran yo nan yon fason ki kontinyèl, kòm yon minimòm, a travè:
 - a. Konferans pou paran avèk pwofesè nan lekòl primè yo, o mwens chak ane, kote kapab gen yon diskisyon sou kontra a pou chak elèv ka arive fè pwogrè;
 - b. Rapò pou paran yo sou ki pwogrè ti moun yo ap fè; e
 - c. Fò paran gen aksè ak moun kap travay, fò yo gen opòtinite pou rann sèvis e patisipe nan klas ti moun yo, e obsève aktivite kap fèt nan klas la.



RÈGLEMAN SOU PATISIPASYON PARAN



PWOGRAM
2415.04-8 /paj 3 nan 4
Tit I-Patisipasyon Paran

Kapasite Batiman an Pou Patisipasyon

Pou asire ke paran yo patisipe e pou sipòte yon zanmitay ant Rosa Parks Community School kap patisipe yo, paran yo epi tout kominote a pou ede elèv yo fè pwogrè, Rosa Parks Community School e chak distri ki resevwa lajan « Title I »:

1. Dwe ofri asistans bay paran ki gen elèv nan Rosa Parks Community School pou yo ka konprann sa Leta mande konsènan sa elèv yo ap aprann lekòl e kòman elèv yo ka rive fè pwogrè, epiou ki kalite ekzamen ki bay ni pou Leta ni nan lekòl yo, ki sa règleman sa a mande epiou kòman pou yo konnen lè ti moun yo fè pwogrè e travay avèk pwofesè yo pou ede ti moun yo travay pi byen nan klas yo;
2. Dwe bay materyèl avèk klas pou ede paran yo travay avèk ti moun yo pou ede yo fè pi byen lekòl, tankou alfabetizasyon, kòman pou itilize teknoloji, lè yo kapab, pou plis paran ka patisipe;
3. Dwe montre pwofesè yo, tout moun kap travay avèk elèv yo, Direktè lekòl yo, e tout lòt travayè yo, avèk èd paran yo, pou di kòman yo valorize e itilize kontribisyon paran yo, e kòman pou envite, kominike e travay avèk paran yo pou pataje travay la, mete e byen devlope pwogram e bati relasyon ant paran e lekòl;
4. Dwe, depi yo kapab, byen òganize e fè paran yo patisipe nan pwogram avèk aktivite tankou « Head Start, Reading First, Early Reading First, Even Start, the Home Instruction Programs for Preschool Youngsters, the Parents as Teachers Program, e public preschool avèk lòt pwogram, e ajoute lòt aktivite, tankou resous pou paran yo, ki ankouraje e sipòte paran pou patisipe plis nan edikasyon ti moun yo;
5. Dwe asire ke tout enfòmasyon ki gen afè avèk lekòl e pwogram pou paran to, rankont yo avèk tout lòt aktivite yo, paran ki gen ti moun ki patisipe yo dwe resevwa tout nan yon fason, depi nou kapab, nan yon langaj ke paran yo ka konprann;
6. Ka fè paran yo patisipe nan devlopman klas pou pwofesè yo, Direktè lekòl yo e kenpòt lòt moun pou fè klas yo mache pi byen toujou;
7. Kapab ofri klas pou alfabetizasyon nan lajan Tit I si Rosa Parks Community School pa jwenn lòt fason pou ofri klas sa yo;
8. Kapab peye depans ki rezonab ki asosye avèk aktivite paran yo patisipe, ni transpòtasyon e gadri, pou ede paran yo patisipe nan rankont avèk klas sa yo;



RÈGLEMAN SOU PATISIPASYON PARAN



PWOGRAM
2415.04-8 /paj 4 nan 4
Tit I-Patisipasyon Paran

9. Kapab ede paran envite lòt paran patisipe;
10. Kapab fè plizyè rankont nan tan diferan, ou byen fè konferans lakay ant paran avèk lòt pwofesè e lòt moun ki kalifye, ki travay direkteman avèk tout ti moun ki patisipe, avèk paran ki ka vini nan konfeans sa yo nan lekòl la, pou ede fasilite patisipasyon paran;
11. Kapab adopte plizyè modèl pou fè paran patisipe plis;
12. Kapab etabli yon gwoup konseye pou bay paran yo konsèy sou tout bagay ki gen pou fè avèk jan paran yo patisipe nan pwogram Tit I;
13. Kapab devlope diferan wòl pou lòt òganizasyon ak biznis ki nan kominote a ede paran yo patisipe nan aktivite sa yo; e
14. Dwe ofri tout lòt sipò posib pou paran yo patisipe anba lwa sa a si paran yo mande pou sa.

Aksè

Lè nap pale de kondisyon patisipasyon paran nan NCLB, § 1118 avèk règleman sa a, Rosa Parks Community School avèk lekòl ki nan distri a, nan fason yo kapab, dwe ofri tout kalite opòtinite pou patisipasyon paran ki pa pale Anglè, paran ki gen yon andikap, avèk paran ki gen ti moun ki pa rete yon kote ki fiks, pou ofri tout kalite enfòmasyon e rapò ki anba NCLB, § 1111 nan yon fason, si sa posib, ke paran yo ka konprann.

Rosa Parks Community School ap fè paran yo konnen tout enfòmasyon avèk tout resous ki ofri klas, enfòmasyon avèk sipò pou tout paran e kenpòt moun ki travay av paran, distri yo e lekòl ki resevwa lajan Tit I .

Sipèntandan Lekòl yo ap remèt règleman sa a bay Depatman Edikasyon nan New Jersey pou revize li pou asire ke règleman sa a dakò avèk manda « NCLB, § 1118 ».

« No Child Left Behind Act de 2001, § 1118 »

Re-Adopted: 16 May, 2012

